Soutni dwa elèv ki imigran yo pou enskri nan lekòl

Konsèy pou fanmi yo

Tout elèv yo dwe santi yo byenvini e yo gen valè nan lekòl piblik yo.

Lalwa mande pou distri lekòl kote w ap viv la enskri pitit ou nan lekòl, kèlkeswa stati imigran li genyen.

An jeneral, distri lekòl ou a ka mande w enfòmasyon sou laj pitit ou ak kote w ap viv nan kad pwosedi enskripsyon nan lekòl. Epitou, yo ka mande w kanè vaksinasyon an. Men, distri lekòl ou a ka pa kapab:

- Refize enskripsyon pitit ou si w pa gen yon pyès idantite (ID) gouvènman an bay ki gen foto oswa lòt dokiman presi. Distri a dwe travay avèk ou pou jwenn yon lòt mwayen pou pwouve laj pitit ou genyen ak kote l ap viv si w pa gen aksè ak dokiman presi.
- Egzije w pou w bay stati imigran ou oswa dosye imigrasyon ou.
- Egzije pou respekte egzijans vil la ki pa gen rapò ak sistèm lekòl la, tankou reponn kesyon pou yon resansman, ankèt oswa lòt fòmilè.
- Mande lòt egzijans ki fè li pi difisil pou enskri pitit ou akoz stati imigran w lan.

Si w pa ka bay yon dokiman distri lekòl la mande, ou ka pwopoze pou bay lòt dokiman ki pwouve laj pitit ou oswa kote l ap viv.

Si w pa pale anglè, mande distri a pou l fè w jwenn dokiman ki tradui, ak yon entèprèt.

Si pitit ou se yon sanzabri, yo dwe otorize pitit ou pou l enskri nan lekòl la san pèdi tan. Si w rete nan menm kay ak lòt moun akoz pwoblèm ekonomik, y ap konsidere w kòm yon sanzabri e distri a dwe enskri pitit ou san pèdi tan, kit gen dokiman kit pa gen dokiman. Sa vle di pa egzanp distri lekòl la pa ka mande kèk dokiman tankou kontra kay si w pa gen youn paske ou rete nan menm kay ak lòt moun. Toudabò, distri a dwe enskri pitit ou e apre sa ede w jwenn lòt fason pou l pwouve kote w ap viv nan distri a.

Si w kwè distri lekòl ou a anpeche w enskri pitit ou nan lekòl akoz stati imigran li genyen oswa pou lòt rezon ki gen rapò ak diskriminasyon, ou ka:

- Kontakte Seksyon Dwa sivil nan Biwo pwokirè jeneral la nan 617-963-2917 oswa depoze yon plent pou vyolasyon dwa sivil nan https://www.mass.gov/how-to/file-a-civil-rights-complaint
- Depoze yon plent nan Sistèm solisyon pwoblèm nan Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a nan https://www.doe.mass.edu/prs/intake/default.html

Biwo Egzekitif Edikasyon
Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Biwo Pwokirè Jeneral la